

## REGINIPOEN LENGGANAN

## SWARA - TAMA :

1 taoen . . . . .	f 6.-	} njoewoen ka- bajar roemijin.
1/2 " . . . . .	f 3.-	
3 woelan . . . . .	f 1,50	

## Kénging mbajar saben woelan

## RAGAD ADVERTENTIE :

1 katja . . . . .	f 36.-
1/2 " . . . . .	f 18,65.
1/4 " . . . . .	9,75.
1/8 " . . . . .	f 5,25.
Saladjengipoen : saben 1 cm <sup>2</sup> . . . . .	f 0,03;
sekedik - kedikipoen : f 1,50.	

Kabar premili alit - alitan : f 1.-

Moendoet kapatjak langkoeng saking sapi-  
san, oetawi dados lengganan, tepang rembag  
roemijin kalijan administratie.

# SWARA-TAMA

## SERAT KABAR KATHOLIEK

Medal saben dinten Djoemewah.

Hoofdredacteur :

A. DJAJASEPOETRA.

kabantoe

REDACTIE - COMMISSIE.

Adrèsipoen Redactie lan Administratie

IGNATIUS-COLLEGE

DJOKJAKARTA

Telefoon no. 795.

Drukkerij „Canisius“ Djokja.

### TOEKING PASOELAJAN VATICAN — ITALI.

#### GANTANING PRADJA-NEGARI TJARA FASCISME LAN TJARA KATOELIK.

Pasoelajan Vaticano kalijan Itali poenika manawi dipoenawang satleraman, anggoemoenaken. Awit ladjeng kados-poendi kémawon tegesipoe Bedamèn Lateranen? Poenapa dadosing Bedamèn waoe boten nélakaken anggènipoen badé roekoen tembajanan ing saladjengipoen?

Sinten ingkang gadah pamanggih makaten poenika boten mawas ingkang lebet, boten andoedah gémbolanipoen Itali gagrag Fascisme. Sinten ingkang maspadakaken sajektos, mesti ladjeng boten goemoen, manawi wonten pasoelajan kalijan Pasamoewan Soetji; malah kapara goemoen, manawi boten wonten pasoelajan. Amargi gantaning Pradja - Negari tjara Fascisme poenika béda sanget kalijan Pradja - Negari tjara Katoelik; prasasat ngalèr kalijan ngidoel. Inggih bédaning ganta waoe ingkang dados toeking pasoelajan. Mussolini ngekahi tjara Fascisme lan sadaja tindak-setandoek alelandesana ganta Fascisme; Pasamoewan Soetji, kados ingkang sawadjihipoen, ngekahi ganta Katolik lan tindak-tandoekipoen atoeroet kalijan ganta waoe. Lan ing woesana inggih kedah toemboekan!

**Benedetto Croce** kalijan Giovanni Gentile sawoengipoen Fascisme, ingkang nerangaken, roemaksa sarta mropagandakaken gantaning pradja-negari tjara Fascisme wonten ing kalangan filosofe.

Ganta pradja-negari ingkang alitipoen boten angsal alem saking kalangan filosofe, agengipoen dipoen-tampik, amargi pinanggih boten nalar, poenika nama koetjiwa lan boten saged lestantoan.

Nanging toedjoenipoen ganta pradja-negari tjara Fascisme poenika wonten ahli filosofe ingkang poeroen ambombong, i. p. **Benedetto Croce** kalijan **Giovanni Gentile**. Sadjatosipoen gantan tjara Fascisme poenika boten nama énggal-énggalan; awit tjang Griek kina inggih sampoen wonten ingkang gadah pamanggih kados makaten.

Djérganipoen pamanggih waoe kénging katjekak kados makaten: pradja-negari poenika awoedjoed satoenggiling wetahan kempleng. Déné oematipoen pradja-negari namoeng awoedjoed péranganipoen.

Ing riki sampoen seling serep ing bab tegesipoen „wetahan“ lan „pérangan“! Amargi wonten bédabédanipoen. Kadosta: lemboe sapasang ingkang anggèrèt grobag poenika rak inggih nama satoenggiling wetahan; lan lemboe kalih-kalihipoen nama pérangan. Wontenipoen lemboe poenika boten kok perloe moedjoedaken rakitan waoe, rakitan waoe dipoenwontenaken, soepados lemboe kalih, margi sesarengan, sageda koewawi anggèrèt poen grobag. Poenika béda kalijan, oepaminipoen kémawon, pit. Pit poenika rak oegi nama satoenggiling wetahan; lan glindingan, pantjadan, lapak lss. oegi nama pérangan. Nanging wontenipoen glindingan, pantjadan, lapak lsp. poenika perloe moedjoedaken wetahanipoen i. p. poen pit.

La sapoenika manawi sawoengipoen Fascisme mastani, „pradja negari ikoe sawidjining woetohan lan oematé ikoe pérangané“ „wetahan“ lan „pérangan“ ing riki ateges wetahan lan pérangan ing atasipoen pit kalijan roda, lapak lss. waoe, boten kados déné rakitan lemboe.

Déné „toedjoenipoen“ pradja-negari poenika wonten ing awakipoen pijambak. Pradja-negari kedah ngoedi dateng lestantoanipoen pijambak, kedah njampoernakaken awakipoen pijambak. Lan toedjoening oematipoen? Sarèhné oemat waoe namoeng awoedjoed pérangan, sarta wontenipoen perloe moedjoedaken wetahanipoen i. p. pradja-negari, dados toedjoenipoen inggih ngladosi

negari tok, boten kénging noedjoe barang sanès. Toendoning oematipoen tjoentel wonten ing toedjoenipoen pradja-negari.

Sapoenika temtoenipoen ladjeng sampoen tjeta, „wewenang“ saha „pandamelanipoen“ pradja-negari kedah kados-poendi. Ing atasing oematipoen. Pradja-negari anggadhahi sadaja wewenang ingkang madéhi awakipoen pijambak. Déné pandamelanipoen nglampahi oetawi andawoehaken nglampahi poenapa-poenapa kémawon ingkang moerakabi dateng awakipoen pijambak, sanadjana mawi ngerbanaken oemat ing atasing poenapanipoen kémawon. Djer wontenipoen oemat poenika krana pradja-negari, perloe kanggé pradja-negari; boten kok wontenipoen pradja-negari krana oemat. Sarèhné ingkang moedjoedaken oemat waoe manoengsa: temboengipoen sanès: manoengsa kanggé pradja-negari boten pradja-negari kanggé manoesa.

Kados makaten warnining pradja-negari tjara Fascisme.

#### Gantaning pradja-negari tjara Katoelik poenika kosok-wangsoelipoen.

Mitoeroet piwoelang Katoelik manoengsa gadah toedjoenan sanès; wontenipoen manoengsa wonten ing donja poenika, soepados soewita dateng Allah, lan margi makaten minggah ing swarga. Déné sanès-sanèsipoen namoeng dados srana anggajoh toedjoenan waoe. (Cf. Wosé Agama Katoelik, Pitakénan No. I.)

Leres mila sampoen kinarsakaken ing Allah, jèn manoengsa poenika sagedipoen anggajoh toedjoenanipoen kanti saé, srana moedjoedaken oetawi ngwontenaken pradja-negari.

Wonten prakawis katah sanget, ingkang dados kabetahaning manoengsa lan ingkang kalampahanipoen oetawi anggènipoen gampil kalampahan namoeng margi saking pandamelan sasarengan. Tjebi kagaliha: oepami pandjenganan kedah ngwontenaken teta pijambak, ngwontenaken sandangan pijambak, ngoedi kawroeh pijambak, njaékaken kasoesilan pijambak lss. tanpa pitoeloenganipoen sanès! Poenapa poenika badé gampil oetawi saged kalampahan? Dados wontenipoen pradja-negari poenika namoeng soepados noeloengi oematipoen, noeloengi manoengsa anggènipoen anggajoh kabetahanipoen oetawi toedjoenanipoen. Pradja-negari poenika namoeng srana, sanadjana srana ingkang sampoen kinodrat, ingkang kedah wonten.

Dados pradja-negari boten kénging ngoetik-oetik hak-hakipoen para oemat; nanging kedah andjagi, soepados toemindakipoen hak-hak waoe kanti saé; kedah noeloengi para oematipoen; kedah ngwontenaken poenapa<sup>2</sup> ingkang dados betahipoen oemat, nanging jèn dipoentetani déning oemat pijambak pijambak, mesti boten badé kedadosan.

La poenika warninipoen pradja-negari tjara Katoelik.

Sapoenika para maos temtoenipoen ladjeng sampoen pirsabédanipoen kawontenan, toedjoe toewin pandamelanipoen pradja-negari tjara Facisme kalijan pradja-negari tjara Katoelik. Poenapa boten prasasat ngalèr kalijan ngidoel?

Kanggé tjang Katoelik, lan oegi kanggé sok tjanga ingkang boten dadasar ilon-ilonan, tjara Fascisme poenika mesti boten saged maramaken, awit, amrih tjekakipoen, tjang kok kedah anggoesti-goesti lan nembah dateng pradja-negari. Poenika rak nama kesangneten.

Sapoenika sampoen tjeta oegi manawi tjara kalih-kalhipoen waoe sami dipoenkekahi, dangoening-dangoe mesti badé wonten pasoelajan.

DALSA.

### PRADJA RAHAJOE.

#### DADI ORA MOENG KRISTEN BAÉ SING SOK . . . . .

Tjjang Bagelèn sakiwa-tengenipoen padoenongan koela njamboet damel, sami pitados bilih tjang pedjah poenika saged malih. Oeger mentas wonten tjang pedjah, tjang doesoen ngrikoe temtoe katingal sami adrih medal (mlampah) daloe. Emperipoen mila ragi djirih-djirih; nanging inggih leres, djalaren ngoegemi dateng kapitadosanipoen dateng malihan waoe.

Wonten ingkang dipoenkabaraken malih dados sima, poenika adatipoen tjang ingkang kagolong panembahan ngrikoe. Wonten ingkang dipoenkabaraken dados tjèleng, gendroewo, poenika adatipoen tjang limrah-limrah poenika, déné jèn tjangipoen kagolong asor, kerep dipoenkabaraken malih dados segawon sapanoenggilanipoen ingkang kalebet kéwan asor. Goemoen koela poenika malihanipoen waoe teka mawi oenda-oesoek. Tjrijosipoen malihan waoe dangoenipoen kawan dasa dinten. Mentas poenika wonten tjang pedjah, tjangipoen ngadrihi, brengosipoen tèplèng. Tetjjang ing rikoe ketingalipoen sami adrih sanget dateng malihanipoen, langkoeng-langkoeng tjang èstri, oeger langkoeng tjelak grijanipoen tjang pedjah waoe, saweg djam 6 sonten kémawon sampoen ketingal itoe.

Kanggé padintenan tjang loemampah daloe satjak mawi obor blarak kados blèntjong poenika. Mangka koela kerep soemerep tjang doesoen sanèsipoen ngrikoe, jèn sami mlampah daloe limrahipoen namoeng mak glenes tanpa poenapa-poenapa, kala-kala adamel kagètipoen tjang ingkang siringan. Namong laré angèn maésa ing rikoe katingal kendel-kendel. Jèn mentas panèn poenika maésa katah ingkang dipoen-ngèn wantji tengah daloe. Ingkang angèn ngémplok tilem wonten gigir maésa. Anggènipoen kendel waoe poenapa margi ngémplok maésa. Nanging saking panginten koela jèn mentas wonten tjang pedjah inggih boten wani angèn daloe emperipoen.

Dados jèn makaten boten namoeng tjang Kristen kémawon ingkang asring dipoenogelaken malih tjèlèng.

D. S. Teoneow.

#### POENAPA SAMPOEN MAREM.

Ratjakipoen pendak 10 taoen Padoeka Kangdjeng Toean Inspecteur Pandhuisdienst, ngawontenaken examen kanggé angantos beamte pegantosan Goeperménan ingkang potjot oetawi dipoenpènsioen. Limrahipoen ingkang kénging nempoe, moerid djaler lan èstri tamatan saking sakolahan angka 2 oetawi ingkang kasamèkaken toer ingkang oemoeripoen sampoen 21 taoen minggah. Nanging dérèng dangoe poenika wedalan H. I. S. oetawi ingkang kasamèkaken, oegi kénging mlebet dados beamte pagantosan Goeperménan ngrikoe, boten soesah dipoen-examen sok oeger oemoer sampoen sami kaseboet nginggil. Namong kémawon samireng koela, kanggé tatanan bab blandja nalika wiwit kabanoem, oetawi indakanipoen nalika taksih dados beamte, kasamèkaken kalijan tamatan angka 2 ingkang loeloes examenipoen, ingkang oegi sareng benoemanipoen. Mangka mitoeroet ingkang sampoen-sampoen, blandjanipoen ambtenaar Nagari oetawi prijantoen sanèsipoen, kedah pandang sapinten dangoening pasinaon, bab bajaripoen nalika sinaoe, lan sapinten kasagedanipoen. Kadosta: „Sadèrèk goeroe wedalan Kweekschool, waoenipoen sinaoenipoen wonten ing H. I. S. 7 taoen, radin-radin bajaripoen moerid 1 sawoelanipoen f 3, oetawi jèn medal margi wonten ing schakelschool, dangoening pasinaon 5 taoen, kawewahan 3 taoen wonten sakolahan doesoan. Radin-radin wonten schakel moerid 1 bajaripoen

sawoelan f 1, wonten ing sakolahan doesoan f 0,25. Teroes wonten Kweekschool 4 taoen, bajaripoen moerid 1 saben sawoelan f 5. Dados wedalan Kweekschool jèn boten mawi kendel wonten margi, dangoening pasinaon 7 oetawi 8 taoen. Bajaripoen jèn medal margi ing H. I. S. telas  $f 3 \times 11 \times 7 + f 5 \times 11 \times 4 = f 451$ . Jèn nganggé margi schakelschool telas  $f 0,25 \times 11 \times 3 + f 1 \times 11 \times 5 + f 5 \times 11 \times 4 = f 283,25$ , benoemipoen sawoelan blandja f 75. Sadèrèk goeroe wedalan Normaalschool waoenipoen pasinaonipoen wonten angka 2 laminipoen 5 taoen, bajaran sakolahan telas  $f 0,25 \times 11 \times 5$ , wonten Normaalschool mbajar  $f 250 \times 11 \times 4$ , goengppeng f 123,75, benoemipoen sawoelan blandja f 40. Sapoenika tamat saking H. I. S. bajaripoen telas  $f 3 \times 11 \times 7 = f 231$  benoem pandhuisbeamte sawoelan blandja f 25, indakan blandja nalika taksih beamte 2 taoen f 2,50. Tamatan angka 2 anggènipoen mbajar sakolah telas  $f 0,25 \times 11 \times 5 = f 13,75$ . Saking angka 2 benoem beamte sawoelan inggih tapi blandja 10 ringgit, indakan saben 2 taoen inggih 10 talèn alijas setali tiga oeng. O, sadèrèk kita tamatan H.I.S. ingkang njelirani atoe koela ing nginggil, poenapa pandjenganan sampoen marem, boten kagoengan nasib malih? Jèn sampoen rak: anjoedakaké adjining beras.” Kita Indonésia ladjeng katoewoehan boten kagoengan dateng sendang patilasan pandjenganan, nrimah njemplong njatangsoelan.

Poen: Babal-Boender.

## ÈKONOMI.

#### PENGETAN SAWATAWIS BABAGAN PANGGAGOTAN, KABOEDIDAJAN LAN PANGGESANGAN.

Anggèn koela ndongèng bab advertentie kados sampoen kepara katog, langkoeng<sup>2</sup> advertentie tjara Amérika; (Sw. Tm. 19 Juni).

Ing Grafisch Tijdschrift taksih wonten piweling malih bab advertentie makaten:

Jèn kowé gawé advertentie prajoga milih aksara sawerna waé; jèn ioniek ija ioniek kabèh, jèn romaansch ija romaansch kabèh, lan apa perloené koedoe ditjap loewih tjeta tinimbang sing moeng dadi boemboe oetawa rerangkéné baé.

Lan piweling-piweling waoe dipoensoekani toelada warni - warni lan bregas-bregas, tjeta; ingkang lepat tjeta lepatipoen, ingkang leres tjeta leresipoen, lan mila gandem saèstoe.

Dados, é, oepami, samenggah P.K.W. béndjing gadah pangetjapan pantes zetteripoen dipoenisedjani grafisch tijdschrift, soepados ngezetiipoen saja bregas, tretip, leres.

Poenika waoe bab advertentie. Kala djaman *De Zweep*, kinten-kinten taoen 1919, taksih wonten pepèling malih makaten:

Jèn masang advertentie adja ngombra<sup>2</sup>, sing mentes, antep.

Lah, ing semoe Indonésia sami seneng dateng advertentie à la *De Zweep* waoe, — nanging dangoedangoe advertentie tjara Amérika inggih roemasoek.

Ing Amérika advertentie tjekak inggih katah, kadosta: Amérika first! smook Camel!

You need this! (ladjeng ngandapien gambar woh anggoer sadompol).

Inggik artosipoen: Amérika roemijin! Sesa Camel! mBetahaken poenika! . . . lsp.

Bab advertentie tjekap, samanten. — Sapoenika mangga ningali K.P.M. lan maskapé Océaan.

Koela sapoenika ngadep advertentie lan karangan ingkang ngrembag K.P.M., mila ladjeng saged ndongèng K.P.M. wonten ing taman Swara - Tama ngriki.

Ing soewaoe K.P.M. namoeng ngladosi, ngideri Indonésia tok. Nanging dangoe-dangoe doemoegi negari Tiongkok, Afrika lan Australia. Mangga mriksanana peprintjèn

### ISINIPOEN.

Toeking pasoelajan Vaticano—Dadi ora Kristen baé sing sok . . . . . — Poenapa sampoen marem — Pèngentan sawatawis babagan enz . . . . . — Onderwijs ing Indonésia — Kabar saking R. K. A. M. S. — Tjotjot — Wawasan boekoe — Goentingan pers — Pangandika Dalem K. S. Bapa Leo XIII — Operasi Journalistiek — Ontjèn sekar gambir melati — Oerap - sari — Correspondentie.

### GOENTINGAN PERS.

#### Kepek Volksraad.

Katah kepek koela gagandèngan kalijan parepatan Volksraad samangké poenika. Tjebi koela petikipoen sakedik.

a. *Warga R. M. Natasoetarsa*. Poenika Indonésier Protestant. Makili Partai Masehi Indonésia. Wonten Volksraad pandjengananipoen njarijosaken, ingkang oengelipoen manoeet verslag tjekak wedalan A-neta, makaten:

„De nieuwe partij (Partai Masehi Indonésia) staat achter de Regeering, wijl Zij die is van een Christelijke natje.”

Tegesipoen: „P.M.I. poenika ngadeg wonten sawingkingipoen Regeering, margi Regeering waoe regeeringipoen bangsa Kristen”.

Tjekak aosoep: P.M.I. poenika bala regeering, margi . . . . .

Damel tetapan makaten poenika moetawatosi. Saged noewoehaken seling serep. Noewoehaken pitakénan: jèn regeering kéné doedoe regeeringé bangsa Kristen, keprijé? Balané sapa?

b. *Warga R. Ng. Sosro Hadikoesoema*. Pandjengananipoen nerangaken boten malebet partij politik. Ingkang dados papadomipoen, boedi leres. Inggih leres 15 taoen kapengker malebet poelitik. Kala samanten ilining rahipoen taksih langkoeng santer tinimbang sapoenika. Kala samanten pamanggihipoen kerep namoeng kadajan raos, sentiment dédé pikiran leres. Pandjengananipoen moefakat kanggé adjening tanah ngriki sadaja golongan kedah njamboet damel sasarengan kados sadèrèk djaler tanpa ambèdakaken pakoeitan, agama, lss.

Saladjengipoen anerangaken gandèng kalijan swanten ing koran Itali ingkang soeraosipoen nedy ambawahaken tanah Indonésia. Gandèng kalijan poenika, pandjengananipoen nerangaken soeraosipoen: milih kebawah Walandi tinimbang Itali. Sababipoen? „Sabab, saja kenal apa jang saja akan dapat dan soedah dapat dari Belanda.”

Dados kénging katemboengaken: réhné sampoen mangertos mamahananipoen!

c. Sadèrèk *I. Kasima Éndrawahjana*. Anerangaken: Katholiek Indonésier saged dados nationalist peng-penggan oegi gadah wewenang kabangsan, wewenang kamardikan. Sarta margi ingkang andjog ing kamardikan waoe, pandjang lan angèl. Sagedipoen kadoemoegèn sadaja golongan kedah njamboet damel sasarengan. Komenta, . . . . . boten perloe!

Prendjak Mataram.

ngandap poenika: (dienst K.P.M. ingkang kerep pijambak saminggoe sapisan).

(a) dienst minggon: Deli — Singgaper — Java, vice-versa; Palémbang — Java — Macassar; vv.; —

(b) dienst 2 minggoe sapisan: Soerabaja — Balikpapan — Tarakan; v.v.; Deli — Straits — Hongkong — Swatou — Amoy, v.v.; Deli — Rangoon, v.v.; (Deli — Rangoon, poenika namoeng mligi ngemot momotan kémawon; oewos).

(c) dienst sawoelan sapisan: Deli — Straits — Java — Australia, v.v.; Java — Siam,



v. v. (mlihi momot momotan); Saigo — Maloëke (momotan) v. v.

(d).  
dienst saven 3 woelan sapisan; Saigon: Saigon — Java Noeméa, v. v.: Indonesia — Afrika — wétan ingkang silih kidoel, v. v.

Dados manoeit nginggil poenika djadjahanipoen K. P. M.: Afrika, Saigon — Amoy — Australia; Indonesia dados poeseripoen.

Kadjawi poenika tetéla, bilih wos Sijem datengipoen Indonesia sasat mlihi kareng ing K. P. M.

Kapalipoen ingkang ageng pijambak wonten kalih: Nieuw - Holland lan Nieuw - Zealand, agengipoen sami 18.000. ton.

Mangga sapoenika sami njoepik pangandikanipoen Dirèktoeripoen J. D. Brand, ingkang kadapoek artikel akepala:

*The Dutch East Indies and the Royal Packet Navigation Company (K. P. M.)*.

Karanganipoen waoe ing tengah leres tjarijos makaten:

The serving of . . . kanggé nje-kapi kabetahan lelajaran toemrap poelo - poelo Indonesia ladjeng kapasrahaken dateng K. P. M., ingkang madeg kala taon 1888, lan taon 1891 wiwit saged bawa pijambak, kanti contract kalijan pamaréntah Indonesia.

Ing soewaoe pamaréntah inggih sampoen soeka contract kalijan salah satoenggiling kongsi Inggris. Boten dangoe ladjeng kamanah contract waoe boten prajogi kalad-jengaken, ladjeng sadaja sami kaebroekaken dateng K. P. M. babar-pisan.

Sapriki 40 taon leres K. P. M. nindakaken pakarjan waoe lan pakarjanipoen katingal anggegiris: saged njampeti kabetahaning Indonesia ing babagan lelajaran.

Kala saweg madeg taon 1891 baitanipoen wonten 27, lan baita samanten waoe ratjak agengipoen namoeng 1000 ton; (sadaja goeng-goeng kempal namoeng 28.637 ton). Sapoenika kapalipoen sampoen 145 lan ratjak agengipoen wonten 2000 ton (sadaja greng goenggoeng 285.357 ton).

Kala taon 1891 mbikak margi laot 19, sapoenika 68.) Manoeit karangan poenika *Nieuw - Holland lan Nieuw - Zealand* agengipoen satoenggal-satoenggalipoen namoeng 11.000 ton).

Samanten bab K. P. M.

Bab maskapé *Océaan*, poenika oemoeripoen inggih sampoen se-poeh, sampoen 40 taon. Nanging émanipoen boten misoewoer. Déné diens-ipoen: Java — Nederland.

Toemrap para maos kongsi kapal Welandi ingkang dipoenngertosi adakanipoen namoeng warni tiga: K. P. M.

*Rotterdamse Lloyd Nederland*. Ingkang njerat poenika inggih goemoen, sareng maos karanganipoen directeur *Océaan* ingkang pratéla jèn kongsinipoen sampoen oemoer . . . 40 taon, sami kalijan K. P. M.

Manoeit karanganipoen directeur K. P. M. waoe, nama K. P. M. oetawi Koninklijke Pakketvaart Maatschappij dipoenantoen ing basa Inggris: Royal Packet Navigation.

Sabab poenapa teka karanganipoen directeur waoe kaserat ing basa Inggris?

Margi artikel waoe kasedijakaken kanggé wonten ing Koloniale Tentoonstelling ing Paris. Dados amrih kasrambah gampil kangertosan para rawoeh ing Tentoonstelling, basa Welandi kakawonaken kepeksa mendet basa ingkang kapara langkoeng oemoem.

\*\*\*

Sampoen keladeng njeboet nama Koloniale Tentoonstelling ing Paris, mangga radi ngemataken bab poenika sakedap, awit bab poenika nggepok panggesanganipoen oemat ing pinten-pinten tanah djadjahan.

Waoe djam 5 poen abdi Andaja kalerasan saged ningali kalawarti saking Paris ingkang nama „L' Illustration”.

Poenapa isinipoen kalawarti waoe? Ing nommer ingkang mlihi ngrem-bag tentoonstelling tanah djadjahan isinipoen prasasat ngalem bagéan djadjahan Perantjis tok, ingkang wonten papan-paméran ngrikoe moestikanipoen „Ankor Vat”, tiron pamoeidjan ing Indo-China.

Bagéan djadjahan Welandi, ingkang wonten pers Indonesia ngriki kaalem soendoel langit, lan tjarijosipoen wonten ing Vincennes (paping tentoonstelling) dados moestikaning tentoonstelling, wonten ing L' Illustration namoeng kadjimpit.

Ing kalawarti Indonesia ingkang sami mawi gambar (D' Oriënt, Actueel wereld Nieuws lss.), isining karangan bab tentoonstelling waoe sampoen nggegerisi. Sinten maos temtoe, senadjan boten soemerep pijambak, temtoe éring, gembira, sasat soemlengeren ngertos *poenapa* ingkang katjita lan kasatmata wonten ing Vincennes waoe. Tanah djadjahan saindenging djagad *ka-poeter* bledjed, toer mawi dipoen-pilahi moestikanipoen, namoeng dipoen-pilahi ingkang sarwa djempol.

Kados paviljoen Welandi, woe-djoed Combinatieng jajasan sa-Indonesia, karingkes dados sagrija til; hara, kados-poendi anggéné boten saé! wangoen Batak, Bali, tjandi, Padang, karingkes dados satoenggal, dados wangoen matis, semoewa, ngengreng.

Nanging sadaja gambar lan verslag ing pers Indonesia jèn katan-ding kalijan pratélan ing L' Illustration, o, wajanganipoen kémawon boten.

Tijang mbikak L' Illustration sasat meningi wonten Vincennes pi-ambak:

Bloembang, poelo, pantjoeran, bandjenganing grija, toja moedal, pepasrèn ting ingkang sanget élok lan sapanoenggilanipoen katah sanget kawoedjoedaken mawi foto . . . gekleurd, mawi roepi, toer kabesoet, tegesipoen pamoelasipoen dipoen-gedeg!

Poenika waoe sadaja poenapa tegesipoen?

Boten lija namoeng: advertentie, reclame, *pamèr*; namanipoen Welandi sampoen mastani: *tentoonstelling!*

Advertentie ingkang dipoentohi banda, njawa, lan ngetog nalar. Architect pinten ingkang nandang? Kunstenaar pinten ingkang toemandang? Banda pinten ingkang mili dateng Vincennes?

Tanpa wilangan!

Ngantos, e . . . , ngantos, sareng paviljoen Welandi kobar, teroes wonten nijat *mbangoen* malih, ten koste van alles, ja emboeh pijn!

Samanten kadigdajaniipoen, kijati-poen, serengipoen, dadagipoen, pi-jandelipoen!

Bab poenika pantes kita tjatet. Sampoen gimir jèn katradjang aloen ageng; sampoen kekes jèn dalem pandjenengan kobar, — gesang tanpa roebéda *boten wonten!*

Kados toko Padang ing kita Djakarta, kobar dados areng, telas, tapis, let 1/2 woelan men-tjoengoel malih, njéwa grija sanès, lan inggih adjeg laris.

„Och, je moet komen in toko Padang; 't is van een Inlander, maar iedereen komt daar,” ngendikani-

poen tamoe ingkang kerep koela mireng soewantenipoen . . . . .

Toko Padang lan Paviljoen Welandi, kobar sami kabangoen malih! Poenika dados toelada.

ANDAJA.

WARA-WARA.  
Kanggé sekolahan Missie ing Kediri taksih betah goeroe doesoen kalih.  
Atoeran kados Goepermèn.  
Serat panjoewonan katoer:  
R. K. PASTORIE KEDIRI.

SEKOLAHAN.

ONDERWIJS ING INDONESIA.

(Pangadjaran gagrag kilénan = wester-sch onderwijs = ing abad 19).

V.

Ngladjengakeni rembag.

Goepermèn Welandi ngoewaosi Indonesia. Goepermèn Welandi ngladjengaken pakarjanipoen Koem-peni lan kradjan Inggris. Ing babagan pangadjaran Goepermèn Welandi nampi warisan barang risak. Goepermèn Welandi ngladjengaken pakarjanipoen.

Th. 1816 paréntah Welandi nampi pangowaos wonten ing tanah Indonesia ngriki. Ing 1817 sampoen ngadani pamoelangan Welandi ingkang roemijin pijambak wonten ing Betawi. Temtoe kémawon ingkang kaèsti roemijin pijambak badé mitoeloengi anak Europa lan badé kanggé njitak ambtenaar-ambtenaar negari. Saladjengipoen Semarang, Soerabaja ladjeng noesoel, inggih dipoen-jasani. Goeroe-goeroe sampoen temtoe kémawon ndateng-aken saking negari Welandi.

Ing wkdal poenika oegi Goepermèn ngadani „vakopleiding”. Kados oepaminipoen ing Semarang, kaedegaken pamoelangan militair, ingkang oegi kawoelang prakawis kabetahanipoen landmèter. Ing Solo lan ing Ngajodja oegi dipoen-

VAN LITH-STICHTING

JEJASAN ÉNGGAL

POENIKA

sagedipoen madjeng

goemantoeng

„PANDJENENGAN”

SADAJA.

Penningmeester V. L. S.

2e. Convict

Moentilan N. I. S.

wonteni cursus kados makaten waoe; malah basa ingkang dipoenanggé basa Djawi. Temtoe kémawon inggih gampil angsal moerid, ingkang sakedap engkas saged mbantoe dateng éjang Goepermèn. Saged dados babaoenipoen. Toemoet mranata saéning pandamelan.

Nalika th. 1818 ingkang dados Directeur pangadjaran Prof. REI-WRALDT. Bab prakawis atoeran ngeblad negari Welandi. Temtoe kémawon inggih dèrèng saged kados nagari Welandi sajektos.

Minggoe kapengker, koela sampoen matoer bilih djaman Koempeni nandang prihatos, ngambah djaman rengkeng-rengkeng, ingkang oegi ndjalari korat-kariting pangadjaran ingkang saweg dipoenwiwiti kanggé njitak ambtenaar negari; golongan partikelir ngladjengaken pakarjan waoe. Ingkang dipoenadani ingkang roemijin ing kita-kita.

Djamanipoen paréntah Welandi ndandosi pangadjaran warisan saking Koempeni lan goepermèn Inggris, ada-ada partikelir waoe sampoen katingal angsal damel. Katingal langkoeng migatosaken dateng pangadjaran. Babagan piwoelangipoen langkoeng saé. Langkoeng inggil. Malah nalika samanten saking pihak partikelir sampoen ngadani pangadjaran tengahan. Goepermèn inggih ngraos manawi perloe dipoenwonteni pangadjaran ingkang langkoeng inggil tinimbang ingkang sampoen dipoenadani. Gandèng kalijan poenika mila Goepermèn inggih ladjeng paring pambijantoe dateng ada-ada partikelir kala waoe.

Saweg katingal brikib-brikib wonten glagadipoen madjeng, djeboel ladjeng wonten gora goda malih ingkang ndjalari moendoer sadjengkah wijat. Koela temboengaken moendoer djalaran nalika samanten ladjeng dipoenwonteni pangiridan. Inggih poenika djamanipoen nagari perangan kalijan Pangéran Dipanegara (th. 1825-1830) makaten oegi reribed ingkang kedah dipoenraosaken ing nagari Welandi, gandèngipoen kalijan politik ing Europa. Prakawis tambahing pamoelangan katindakaken lon-lonan, ngoeler kambang. Malah manoeit tjatetanipoen Prof. G. J. N. ing boekoe pangénet-éngét djoemeneng salawé taenanipoen Sri Maha Radja Poetri poenika, wonten ingkang njeboetan bilih pamoelangan-pamoelangan kanggé wadyabala daratan lan laeetan makaten oegi cursus basa pribomei djaman samanten dipoen-soewak.

Poenika wontenipoen pangadjaran djaman samanten. Pangadjaran ingkang katjéblokaken ingkang kanggé njitak ambtenaar negari.

Samanten roemijin. Minggoe ngad-jeng kapanggih malih.

HERCULES.

KABAR SAKING R. K. A. M. S.

Saking katahng moerid énggal, ing pamoelangan A. M. S. kagoenganipoen rama-rama Jezuïeten ing Betawi, wiwit taon poenika dipoenwonteni parallelklassen, inggih poenika klas 4 lan 5. Dados jèn makaten tetéla jèn R.K.A.M.S. saja mindak soeboer. Tjatjahing moerid Katholiek Djawi dados 8. Sampoen kènging dipoentingali!

Manoeit orgaan „Middelbaar-on-derwijs”, eindexamen - programma kanggé taon 31/32 éwah. Woelangan wiskunde tjalon kapérang dados kalih, ingkang soewaoe namoeng satoenggal. Moerid-moerid ingkang wonten ing klas 6 A. M. S. oetawi 5 H.B.S. nampi woelangan mecha-nica (nglèmoe kaporantèn) lan rechtlijning tekenen (anggambar mawi passer lan garisan) kedah toemoet examen ing vak poenika. Makaten oegi ingkang sami nampi woelangan boekhouden inggih kedah examen. Poenapa malih sapoenika bidji 5 sampoen boten dipoenanggep tjekap. Pramila examen toemrap middelbaar-on-derwijs sadjakipoen badé boten gampil. Wéla, kodjoer ané, la rak remoek! Poenapa poenika mergi koerdanipoen salarisvermindering

PANGANDIKA DALEM I. S. K. SANTO BAPA LEO XIII.

Ngrembag bab kamardikanipoen serat kabar.

a) Mardika ing ngatasipoen memikir lan ngetjap boekoe tanpa dipoenwatesi sakedik-sakedika poenika saloegoenipoen dédé prakawis saé toemrap ngagesang-oemoem, nanging poenika toek lan asalipoen katjilakan warni-warni. Sarèhné kamardikan satoenggiling sipat ingkang damel sampoenaning manoesang, mila kedah namoeng ngrembag bab ingkang njata lan saé, Wondéné dating kanjataan sarta kasasènan poenika boten saged éwah? samana-soekanipoen, nanging tansah adjeg sami kémawon sarta kados déné dat ing barang-barang, boten saged éwah-éwah. Manawi poen boedi nganggep dateng pamanggih ingkang nasar lan manawi poen pikadeng remen dateng piawon toewin ngoedi dateng piawon waoe, poen boedi sarta pikadeng waoe boten ngga-joeb dateng kasampoernan manoeit kodratipoen, nanging malah medak wonten sangandaping kodratipoen, poenapa déné ladjeng dados awon. Pramila tijang inggih boten kènging nedahaken prakawis ingkang tjong-krah kalijan kaoetamèn lan kanjataan dateng sanès, saja boten kènging, manawi mamrih soepados prakawis waoe dipoenpikakahi déning angger-anggering Nagari. Ngemoengaken. gesang ingkang toemandjanipoen saé, poenika marginipoen dateng swarga ingkang dados toedjoe kita sadaja. Pramila, manawi Pradja Nagari ngilani soepados kamardikaning pamanggih sarta kamardika-ning tindak awon ngambra - ambra ing sakadjengipoen, ngantos tijang ingkang pados kanjataan lan ngoedi dateng kaoetamèn, dipoenngadamel ing sanès, mangka Nagari boten ngoekoem, Nagari waoe dadosipoen nindakaken prakawis ingkang tjengkah kalijan patokan toewin angger-anggering kodrat.

b) Kamardikan ing atasipoen memikir lan ngetjap boekoe poenika boten toemoet dados wewenangipoen para kawoela sarta boten kènging kaéwokaken prakawis-prakawis ingkang kedah dipoenreksa lan dipoen-tamèngi déning Nagari.

(Ensyklik „Immertale Dei, 1 Nov. 1885)

poenika? Kados-poendi para sadèrèk lan adi-adi koela sadaja. Poenapa poenika boten minangka petjoet ingkang soepados koela sami ngroemijini mbalap?

Dam. Radjak.

— VARIA. —

TJOTJOG.

Maos karanganipoen sadèrèk baboe: Adaninggar, kamot Sw. Tm. no. 24, taon poenika, ingkang soeraosipoen kènging koela tjekak, adjak - adjak pitepangan ingkang kalajan saé, goelet, roemaket. Poenika koela tjotjog sanget. Anggèn koela tjotjog poenika, boten kok margi koela dawah andap, bèn diarani anoe, anoe, nanging soepados dipoentingali ing golongan sanès, sageda saé, njenengaken. Kadjawi poenika oegi ndadosaken kabegdjaning golongan andap; apesipoen ingkang asor kados sakoela poenika saged moengel: „ah heem, Meneer anoe kaé tepoengé njang kanta tjilik kok apik temen. — Akoe nèk ora weroeh seminggoe baé kok wis kangen; soek minggoe tak sowan Grédja,

## OPERASI JOURNALISTIEK.

(Telas).

Koela ladjengaken. Blatinipoen journalistiek tjap A. S. D. sapoenika ngambah laladan gawat. Angèngingi oerating balé grija. Saja gawat malih manawi koela angèngeti djaman mlesek. Djaman bajaran disoeda. Djaman katah tijang sami akekemoel tjoepe: dipoenkemoelaken pérangan awak ingkang silih nginggil, soekoenipoen kanginan, dipoenkemoelaken pérangan ngandap, pérangan nginggil asrep prindang - prinding. Dasaripoen pantjèn sampoen aonet ndadak dipoenengret pisan.

Awit, . . . poenapa kadang kita ingkang sami boten lengganan Sw. Tm. boten katah ingkang apawadan: „Ah . . . ra ndé dit! Djenèh regané Sw. T., Soeara Katholiek, Tamtama, koewi tik larang ngono!”

Manawi koela angleresi dados toekang nawakaké Swara Tama, Soeara Katholiek lan Tamtama, mangka ladjeng katanggop prijantoe ing nginggil, koela ladjeng namoeng andongèng makaten:

„Saoedara. Adegipoen Missie Djawi poenika sampoen dasanan

taon. Moerid wedalan Goeroe bantoe, Normaalschool, Kweeksch., goeroe doesoer toewin Fröbel Kweekschool, Mulo; saking Ambarawa toewin Moentilan doemoegi titi mangsa poenika sampoen éwon, mbokmanawi dasanan éwon.

Nitik poenika, ing salebetipoen djagad Katoelik Indonesier Djawi wonten golongan ageng ingkang sampoen nama ontweekeld, apes wedalan koersoes Goeroe doesoer. Dados saboten-botenipoen manahipoen sampoen tinarboeka sakedik<sup>2</sup> mangertos oengoepe-oengoepeing djaman. Dados wonten golongan ageng ingkang mambet, tepang, mangertos djaman modern. Ateges batih Katoelik Djawi poenika sampoen katah ingkang nama batih modern.

Sapoenika, . . . poenapa inkang dados panedaniipoen djaman modern? Kadjawi sanès-sanès, saben grijanipoen batih ingkang sampoen ngambah kamadjaning kedah wonten *koranipoen*, boten kètang namoeng satoenggal. Jèn larasipoen, saben grijanipoen batih modern waoe kedah lengganan:

a. Koran hari warti, satoenggal. (Poenika kanggé njoemerepi lalampahan-lalampahan oetawi pakabaran ngriki-ngriki).

b. Koran kala warti, poenika kanggé ngasah pikiran, awit ing ngrikoe isi wawasan-wawasan ingkang leresipoen kedah langkoeng tinimbang wawasan koran hari warti.

c. Koran isi gambar-gambar, perloe kanggé pangliopoer ngindakaken sawangan.

Hari wartinipoen bangsa kita taksih wonten gotangang isinipoen, i.p. boten mawi lembaran miroenggan kanggé wanita lan anak-anakipoen para lengganan; dados boten kados hari warti gadahanipoen bangsa Éropah. Sasomerep koela saweg *Bahagia* ingkang saminggoe sapisan njoedijani lembaran salemban kanggé „Doenia Isteri”. Lan *Sedio Tomo* pendak Setoe ngawontenaken rubriek „Wanita”.

Ngèngeti anggènipoen taksih makaten waoe, mila inggih perloe ing grijanipoen batih modern gadah *koran-wanita*, lan koran laré.

Saoedara. Koela mangertos boten sadaja ingkang toemindak ing djaman modern poenika leres lan saé. Nanging kosok-wangsoelipoen inggih boten sadaja nama modern mesti awon.

Koela yakin, resèp toemrap bathipoen tijang ngambah kamadjaning awoedjoed koran-koran ing nginggil poenika, boten nama ngloeloeowihi. Djer pantjèn katah pigoena toewin paedahipoen; katah pitoeloenganipoen . . . . .

Sapoenika, manawi djengandika sampoen anjondongi resèp waoe ladjeng wonten pitakènan: „koran apa sing dakpilih?”

Wangsoelanipoen: „paling perloe koran Katoelik.”

Kandel tipising raos golongan ingkang soemipen wonten panggalih pandjenengan poenika ingkang tetep dados papandoming pamilih pandjenengan. Manawi pantjèn ageng katresnan pandjenengan dateng golongan pijambak, . . . é . . . boten kètang ngengirangi samoedajanipoen, mesti dados lenggananing koranipoen golongan pandjenengan.

Mila, mangga sampoen mandeg toemolih, . . . asma pandjenengan koela tjatet, mangké Djoemoweh ngadeng Administratie badé njaosi Sw. Tm.

Prakawis regi poenika temenipoen awat, ènteng inggih awrat inggih poenika namoeng goemantoeng wonten

kandel tipising raos-golongan ingkang doemoenoeng wonten pandjenengan.

Éwadéné perloe koela pratélakaken malih, atoer koela poenika namoeng dapoer tawi. Dados dédé pameksa. Wadajib ingkang nomer satoenggal ngreksa basoekining brajat pandjenengan. Nanging poma sampoen ngantos *nglali-lali* dateng golongan. . . . .

Makaten, temboengipoen A. S. D. manawi ngleresi dados toekang pikat pados lengganan Sw. Tm., Tamtama, lan S. K. . . . . ladjeng mrangoeli prijantoe ingkang paring wangsoelan kados atoer koela ing nginggil.

Sapoenika, sadèrèngipoen koela moengkasi operasi koela, blati journalistiek ipoen A. S. D. katodjèhaken roemijin dateng sadèrèk-sadèrèk koela anèm moerid ing Xaverius-College Moentilan, N.S. Ambarawa, Soesteran Mendoet toewin Ambarawa.

Koela mangertos, kadang moeda ing pawijatan tetiga waoe katah ingkang dados lenggananipoen koran kita. Dados déning goeroe-goeroe ing rikoe, adi-adi koela waoe sampoen dipoentoentoen dateng ébaling djaman. Sampoen dipoenmangertosaken wadjiipoen dateng golongan, samangsa bédjing sam-



(Wil dit land eemaal als zelfstandig volk in de rij der volkeren worden opgenomen, dan moet in de allereerste plaats de economische ontwikkeling worden bevorderd.—Rede Koesoemo Oetjo won- ten Volksraad).

Sampoem kerep katjarjosaken! Wonten koran lan parepatan. Ing- gih poenika: Jèn kéné arep mribad- èni koedoe ngadjokaké betjiking ékonomi.

Wonten Volksraad salebetipoen minggoe kapengker, Koesoema Oe- tajan kalanipoen dawah agenda *Wawasan Oemoem* (Algemeene Beschouwing) medar pangandika soeraosipoen kita kedah ngadjeng- aken ékonomi. Pangandikanipoen:

„Wil dit land eenmaal als zelf- standig volk in de rij der volkeren worden opgenomen, dan moet in de eerste plaats de economische ontwikkeling worden bevorderd.” — Manawa tanah kéné kepéngin dadi bangsa madeg pribadi, kad- djadaraké karo bangsa-bangsa lijané, sing bakoe koedoe nga- djokaké ékonomi.

Warga kaseboet nginggil néda soepados wiwit sapoenika dipoen- satitékaken saestoe prakawis wiloe- djeng oet. kamoeljanipoen (welvaart) poetra Indonesia.

Pandjenenganipoen nerangaken prakawis ékonomipoen bangsa kita boten madjeng, poenika margi: a. Kekirangan siti loh kanggé tet- etanan. (gebrek aan geschikten bouwgrond). b. Kekirangan seserapan. c. Kekirangan kapital. d. Kekirangan *energie*. (Daja ke- kentjengan?)

Kadjawipoenika oegi taksih won- ten sabab sanèsipoen, oep. kekirangan daja ingkang kanggé andadapoek oet- awi kekirangan organisatiewer- mogen. Nanging ingkang bakoe inggih sabab 4 prakawis kaseboet nginggil.

Manawi nagari nedya ngadjeng- aken bangsa Djawi mesti kémawon kawontenan 4 warni kaseboet nging- gil waoe kedah dipoenihtijari sageda soeda, sokoer saged itjal.

Pandjenenganipoen boten moe- pakat datng *perintah-aloes* ingkang toendonipoen amedjahi *energie*. Pa- ngadjeng - adjengipoen sageda saja katah siti ingkang saged kagarap ing bangsa kita. Awit, sapoenika- nipoen manoeft pétangan, tijang 5 ratjak gadah sabin 0,65 baoc lan pategilan 0,85 baoc. Pamedalipoen sataoen boten langkah saking f 90, dados f 7,50 ing dalem sawoelan.

Margi makaten waoe ladjeng katah ingkang dados koeli beberah. Lan sa- king katah ipoen andjalari sakedik sanget éphanipoen. Mila langkoeng prajogi tjara *Communaal grondbezit* ing sapoenika dipoenitjali saking sakedik. Perloenipoen sageda nga- djengaken *energie* lan ékonomipoen tijang siti. Kadjawipoenika *Communaal grondbezit* poenika inggih angalang-alangi *emigratie* saking tanah Djawi dateng mantja.

Gandèng kalijan 'sabab b, kaan- daraken: paman tani kekirangan sese- repa. Pategilan tanah Djawi lan Medoera ratjak sataoen namoeng medal f 30,— mangka kebon klapa saged f 200. Manawi saban sabaoe saged medal f 150, toemrap poetra tanah Djawi nama kamadangan ± 1 milliard roepijah (sèwoe joeta) sata- oen. Mila sampoem ngantos onder- wijs sapoenika dipoenrarradat, oeta- wi dipoenwatesi.

Sabab ing c, poenika kateranga- ken: samangké tanah Djawi gadah sabin lan pategilan 12 mlijoen baoc, sarta pangasosipoen boten kirang sa- king 2 milliard roepijah. Kapital poe- nika sapoenikanipoen mandeg na- moeng kénging kapigoenakaken sara- na kasadé lan ngawontenaken siti wa- oe. Poenika nama pitoena ageng. Ing- kang saged ambéngkas prakawis wa- oe namoeng *Hypotheek Boemipoe- tra*. Sokoer déné nagari sampoem ngawontenaken komisi prakawis In- landsche *Hypotheek*.

Déné prakawis kekirangan *energie* inggih saged kabéngkas sarana ichti- jar-ichtijar kaseboet nginggil.

Makaten kirang langkoeng soe- raosing sosorahipoen warga Raad kawoela R. A. Koesoema Oetaja. Prakawis waoe pantes koela kepéki wonten Ontjen ngriki.

Toemrap ingkang sami *ngawaki* ngadjengaken perloe kénégetaken sa- gEDA sami andoem damel.

Sabaggéjan metjoet oetawi nge- moedèni ékonomie, sagolongan malih nglempekaken montor politiek. Da- dos sampoem namoeng nggolong min- deng saprakawis.

Andoem damel mawi tatanan ing- kang saé, kedah wonten!

Kumuningsaselé 13 Juli '31. Taklim: *Patjar Mèrah*.

CORRESPONDENTIE.

Abn. 119, arta kintoenan poenika toemandja kanggé taoen 1931 trep. Noewoen! C. *Reksaatmadja, Doekoer*; bab katrangan, kita atoeri nrantosaken roemijin. Makaten oegi atoer kita doemateng *Kirtoemadi, Klatèn*. Sampoem dados panggalih. Adm. Soembangan karangan ingkang sampoem katampi saking: *Soe-hardjiah, Jos., Tambak- Baja, P. S. Mti, Aquina, Poed-Ges., P. E. Hardja, Tjatoet*. Matoer noewoen! Nanging taksih ngentosasi papan. Sampoem kirang pangapoenten. Red.

Sampoem kasedijakaken papan pondokan kanggé laré èstri ingkang sekolah.

Sinaoenipoen dipoenolat - oelataken sarta dipoentoentoen.

Wragad mondok lan neda: f 15.—

HARDJADININGRAT

GOENONG-KETOER — PAKOELAMAN — NGAJOGJAKARTA.

bèn kepetoek; soek nèk koempoelan K. W. akoe tak merlokaké, bèn ketemoe manèh." Tjobi ta, oetjap- oetjapan poenika jèn dipoen- gatosaken rak loehoer sanget.

Margi gadah pitepangan saé, sa- ged kentjeng anggènipoen nglampahi wadjib.

Poenika pérangan a. b., ngindak- aken kasoetjian, c. ngindakaken ka- wroeh. Lan d. damel agenging manahipoen ingkang golongan alit. (nDamel agenging manah poenika inggih perloe lo).

Kanggé njetakaken koela mendet djagad goeroe.

Goeroe ingkang inggil oepami: wedalan K.S. Ingkang samedangan: N. S. Déné ingkang oenjik N. C. étang: K. S. lan N. S. katimbang N. S. lan N. C., tepangipoen saé K. S. lan N. S. N. C. lan K. S. mèh tanpa wanoe! Mangka tiga-tiga- nipoen poenika sami gagajoehan- ipoen, sami ndjembaraken kraton Dalem G. A. La kok djeboel kaja ngono!!

Toh blandjakoe akèh, akoe bisa tjara Land! toer wèn taoc moelang nèng H.I.S.! O, jèn ngaten inggih sampoem, njoewoen ngapoenten. Nanging jèn poenika dipoenanggé patokan, mbokmanawi patokan ing- kang asor.

Sapoenika kanggénipoen sadèrèk Solo, sampoem kénging koela wa- stani saé, sampoem inggih taksih saged andedel malih.

Tjobi dipoenentosasi!!! Déné sanès panggénan kados-poendi???

Moegi karangan koela ingkang sapélé poenika sami kagatosna, lan jèn saé mangga sami dipoeniwiti. Iba bingahing manahipoen para alit. Atoer taklim koela poen: S. b. h. *Banjoedana*.

WAWASAN BOEKOE.

„De gouden Ketten der waarheid" Katho- lieke geloofsler in vragen en antwoorden voor volwassen Katholijken en niet-Katho- lieken door F. Hendrichs s. j. vijfde druk 25ste tot 30ste duizend. A. N. Govers, N. V. Pauselijk uitgever Den Haag. Prijs: fl. 0,30.

Poenapa pandjenengan saged ngertos basa Walandi toer lakar kepéngin niljaraken lan nglebetaken seserepan pandjenengan prakawis aqama, soemangga koela atoeri moen- doet boekoe alit mirah ingkang ngemot roentoet toewin renteting dadasaripoen aqama Katholik. Boekoe waoe angsal-angsalani- poen gagasan tetaoenan, ingkang sampoem dangoe kaetjakaken kanti damel, katah pi- kantoekipoen. Awit ingkang nganggit prijan- toen sardjana, ingkang sampoem misoewoer anggènipoen saged nenoenten lan ndoe- noengaken para sadèrèk Walandi déné Katoelik, ingkang pantjen koemetjer ngraos- aken nikmatng kasoentjeng sedjati. Sampoem atoesan tjatjahing wanita toewin prija Walandi, ingkang sami ngibadah manoeft wawaton Katoelik, margi saking piwoelangi- poen Rama F. Hendrichs. Malah Ingkang Sinoehoen Kangdjeng Sinanta Rama oegi sampoem naté ngandaraken renaning pangga- lih Dalem margi pakjarjanipoen Rama sine- boet.

Saja toemrapipoen sadèrèk Djawi Katoelik, ingkang adreng mangrasoel krida, koema- tjeloé mitoeloengi sadèrèkipoen soepados saged manggih margining ngagesang ingkang lempeng, prajogi moendoet „de gouden ketten der waarheid." Ing noesa Djawi inggih ka- soediakaken: oepaminipoen ing Betawi pang- génanipoen G. Kolff. & Co.

Boekoe waoe kapérang dados kalih pé- rangen. Ingkang sapérangan ngrembag da- dasaripoen pengandel Katoelik: tjekak, aos, tjeta, terang, toer tlesih. Pérangan sanèsipoen ndjilètrèhaken piwoelangké pangandel Katoe- lik: pepak, tapis, gambang.

Sarèhné ing basa Djawi dèrèng wonten boekoe kados makaten, pramila madéahi sanget dateng sadèrèk Djawi ingkang saged basa Walandi. Déné ingkang boten saged tjara Walandi saged néda pitoeloenganipoen ingkang baocet basa Walandi.

OERAP-SARI. KABAR KATHOLIEK. VATICAN.

Doctor sapisanan dateng missie. Saplokipoen Pauselijk Bijbelinstituut

ing Roem madeg (1909) saweg woel- an kapengker poenika saged ambab- ar doctor in de Bijbelwetenschap, ingkang sapisanan. Angsalipoen wewenang soeka titel doctor poe- nika saweg wonten kalih taoen ka- pengker. Roemijin student-ipoen Bijbelinstituut, ingkang kapéngin angsal titel Dr. kedah promoteer wonten ing Sekolah Loehoer sa- nèh.

Déné Dr. in de Bijbelwetenschap sapisanan waoe Rama R. Arconada, S. J. asli saking Sepanjol. Bakda promotie ladjeng badé dateng Shang- hai (Tiongkok). Para maos bokma- nawi taksih pirsas, jèn ing Sjanghai wonten Universiteit-ipoen para Ra- ma Jésowit.

Vaticaan kalijan Itali.

Pasoelajanipoen ngantos doemoegi sapoenika dèrèng katingal loedang. Mitoeroet „Daily Telegraph" K.S. Bapa wonten ing audientie partike- lir sampoem naté ngandika dateng satoenggal prijan-toen Katoelik aprabawa makaten: „Manawi club- club kita sami katoetoep, kita klempakan wonten ing Grédja. Menawi Grédja - Grédja kita dipoentoetoep, kita sami klempakan wonten ing catacomben. Déné manawi catacom- ben kita katoetoep, kita badé ne- roesaken sembajang kados ingkang sampoem ing kalih èwoe taoen ka- pengker."

Kita inggih badé andèrèk sem- bahjang!

INDONESIA.

Centraal Missie-Bureau ing Be- tawi. Sw. Tm. No. 27 martosaken badé adegipoen bureau poenika. Déné pandamelanipoen: anggampil- aken lelawanipoen para pangrèh missie-missie ing Indonesia kalijan regeering. Doemoegi sapoenika na- moeng dipoenwontenaken „wawa- kil missie" (Tw. W. Burer ing Bogor). Ing sawoé katingalipoen sampoem njekapi; nanging ing woesana pa- ndamelanipoen dados katah sanget, ngantos kawraten, jèn kasanggia ing tijang satoenggal kémawon.

Tg. I. November ngadjeng poe- nika Bureau waoe badé kabikak. Ingkang mangagengi Pérangan A. (kénging dipoentegesi: babagan prakawis oemoem, algemeene zaken) pandjenenganipoen Rama Baptist (Cf. Sw. Tm. No. 27, Kabar Katoe- lik Indonesia); lan ing Pérangan B. (sekolahan, onderwijs) pandje- nenganipoen Rama Dr. J. van Baal, rector ing Xaverius-College Moen- tilan; Tw. Burer inggih taksih badé njamboet damel wonten ing Bureau ngrikoe.

K. Biskop, Mgr. J. Aerts, M. S. C. sampoem tedak saking negari Walandi malih lan ladjeng badé ngasta Vicariaat Ned. Nieuw-Gui- nea malih. Ngatoeraken soegeng rawoehipoen. Moegi rawoehipoen waoe damel saja andedel Missie ing bang ngrika!

St. Melania ing Magelang. Mar- gi paréntah boten paring soebsidi, woelangan handwerk ing H.I.S. kaso- wak. Mangka poenika pantjenipoen kanggé laré èstri kabetahaken. Na- nging Charitas (katresnan) poenika boten tégan lan boten pakèwed ing margi. Ladjeng wonten dames sawatawis ingkang ngoerbanaken salira, badé moelang handwerk kanti gratis. Pantes tinoelad ing sanès panggénan!

Seminari ing Ngajogja. Dinten Djoemowah kapengker cursusipoen sampoem tapoek malih, mawi ka- roemijinan retrèt tigang dinten. soe- pados anggènipoen anggoegoelang kaoetamèn lan seserepan sageda

angsal barkah. Tjatiating student wonten 62. Nanging nalika tapoek dèrèng nglempek sadaja; awit won- ten 3 ingkang ing minggoe poenika saweg kémawon medak saking ne- gari Wlandi. Student tiga poenika kakang adi. Tjajah 62 poenika ke- sakediken sanget! Milanipoen, mang- ga para P. D., ingkang keras ang- gènipoen njoewoen „timbangan." Lan poenapa awonipoen njoemanggak- aken badanipoen pijambak? Para Bapa lan Bijoeng Katoelik, kaipoek- ipoeka, manawi poetra pandjenengan katingal tampi „timbangan." Déné manawi boten, kasawoena, soe- pados kaparingan „timbangan." Poe- napa pandjenengan boten roemaos begdja, jèn wonten poetra pandje- nengan ingkang katjelak ing Allah kados makaten?

NEDERLAND.

Centraal Missie-Bureau. Ing den Haag badé dipoenadegaken Centraal Missie-Bureau. Para K. Biskop ing Nederland sampoem paring idin; malah K. Biskop, ing Betawi, Mgr. van Velsen inggih sampoem ngintoenaken tanda saroe- djoekipoen. Ing Betawi pijambak oegi badé ambikak Centraal Missie- Bureau, kados ingkang sampoem naté kawartosaken wonten ing Sw. Tm. ngriki. Temtoe kémawon te- banipoen C. M. B. ing den Haag langkoeng wijar, amargi badé nglad- osi para missionaris Walandi ing tanah djadjahan Wlandi; dados ke- djawi ing Indonesia, Suriname lan Curacao inggih katoet tanding ka- lijian ingkang soemebar waoe.

SEPANJOL.

Oendang-oendang saking para K. Biskop, soepados gotrah Ka- toelik andjagia dateng wewenang- ing Pasamoean Soetji.

Revolutie sampoem kelampahan; kabaripoen badé damel gemah-riph- ing pradja, nanging doemoegi sa- poenika kok dèrèng wonten titikani- poen. Malah doemoegi sapoenika kok taksih dedreg oedrek-oedrekan. Béndjing poenapa datengipoen ka- tentremen? Béndjing poenapa sirepi- poen obor ingkang andadosaken karang-abang gedong-gedong lan bibliotheek - bibliotheek. Bedja, jèn namoeng kèndel samanten kémawon; djer ing semoe Bolsjewisme inggih sampoem loemebet, Bolsjewisme, ing- kang dados djoeroe ngoeboebi oe- baling reresah!

Manoet N. T. A. para K. Biskop ing Sepanjol sami sasareng sana- wala anggijjaraken oendang-oendang, ingkang soeraosipoen kados maka- ten:

Anggènipoen para K. Kardinal, Maha-Biskop toewin Biskop ngantos doemoegi sapoenika sami boten njoewanten poenika soepados boten damel pakèwed dateng regeering anggènipoen nata pradja malih. Nanging sapoenika sami kapeksa njogok dateng gotrah Katoelik Se- panjol, soepados andjagia dateng wewenanging Pasamoean Soetji; djer tradjanging negari adamel boten sakétjaning gesangipoen tijang Katoelik saja sanget. Ing woesana paring dawoeh dateng tijang Katoelik Sepanjol sadaja, boten pilih-pilih partènipoen, soepados sami saroe- djoeka milih candidaat kanggé Na- tionale Vergadering namoeng ing- kang poeroen andjagi wewenang- ipoen Pasamoean Soetji lan katen- treman sosial.

Antjer - antjer ingkang pantes dipoenémoeti!

INGGRIS.

Kathedraal ingkang sadjagad ageng pijambak. Ing Liverpool sa- poenika saweg anggarap kathedraal Katoelik énggal, ingkang kabaripoen,

tiék. Awit, manoet saodara Dja- gabaja.

koela boten ambakoeli, sadjak maréntah lan ngétjé-étjé, awit bangsa Djawi makaten panggè- naning semoe, dados manawi ka- doemoek lepatipoen ingkang ka- para njata, ingkang temtoe ladjeng ndjingkat, ladjeng serik, madosi ingkang ndoemoek sarta noeding lepatipoen waoe, (.....) ladjeng dados prakawis persoonlijk.

Boten moepakat kéngang-kénging kémawon, nanging A. S. D. ang- gènipoen nindakaken operasi waoe inggih mawi kanalar.

Koela ngèngeti, siti poenika won- ten ingkang loh wonten ingkang tjengkar. Samanten oegi tijang, wonten ingkang tanggap lan mepan dipoentoeki tjara „adoe semoe". Nanging inggih wonten ingkang matoekipoen dipoentjemeti. Sapoe- nika kantoen madosi, kawontenan ingkang dipoenoperasi A. S. D. poe- nika njata wonten poenapa boten.

„Bangsa Djawi panggénanipoen semoe, mila anggènipoen nggoegah kedah sampoem dipoenpésokados tjaranipoen A. S. D. poenika."—ma- katen karsanipoen kadang Djagabaja. Manawi sampoem mesti tanggap dipoendoe semoe sokoer sanget. Na-

poen medal saking sakolahan.

Nanging, . . . éman déné samedal- ipoen saking rikoe, sampoem pi- kantoek bajar, katah ingkang ladjeng andjotak koranipoen. Mesti kéma- won ingkang makaten waoe nama . . . . . Koekoedangan koela dateng pandjenengan sadaja, sageda bénd- jing ing begrooting pandjenengan wonten ingkang moengel: „iki kang- go Swara Tama, iki Soera Katho- liek, iki Tamtama." . . . . . Mangga, . . . Sinten karsa? Ning, . . . tenaaan?

Sanadjan dèrèng tapis sanget, éwa- déné anggèn koela ngoperasi koela rampoengaken sapoenika. Péso, koela oenoes, . . . koela warangkakaken. Tjoertiga mandjing warangka. Ngir- ras ngentos timboeling lalampahan ingkang margi dajaning karangan operasi journalistiek poenika.

Njoemanggakaken. Poking rembag: koela bobot, koela tanting katresnan pandjenengan da- teng golongan!

Mataram Djoeli 1931. A. S. D.

Karangan „Operasi Journalistiek" ingkang wekasane kaseboet ing nginggil, pantjenipoen kapatjak kalé minggoe kapengker. Nanging ladjeng kaendoer margi redaksi

njaosi papan roemijin dateng ka- ranganipoen ki Djagabaja kaseboet Sw. Tm. minggoe kapengker ing- kang wosipoen njaroewé operasi journalistiek tjap A. S. D. (Ing ngandap poenika soesoelan saking A. S. D. — Red. Sw. Tm.)

Sapoenika, kaparenga koela nang- gapi panjarowénipoen kadang Dja- gabaja (Sw. Tm. no. 28.). Karangan- ipoen kénging koela pérang dados kalih:

a. Kekembangan oetawi papasrèning karangan.

b. Ingkang angéngingi deleging prakawis.

a. Ingkang koela éwokaben ke- kembanganing karangan waoe, oep: anggènipoen *misoeda* koela dados *sardjana* lan *prajagoeng*. Mangka saban mitranipoen Sw. T. mangertos, A. S. D. poenika njamoet - njamoet sanget saking seseboetan waoe. Mila seseboetan waoe koela tjaosaken wangsoel.

Éwadéné, *soedahlah*, poenika namoeng pasrèn, oetawi menggahing wit-witan namoeng kalokopanipoen, boten perloe karembag pandjang.

b. Kadang *Djagabaja* boten moe- pakat kalijan tjara anggèn koela ngadjengaken Sw. T., S. K. mawi lampah karangan *Operasi Journalis-*

nging njatanipoen? Katah sanget ing- kang boten mangertos ing semoe. Ka- lijian malih, wiwit wiwitan koela sam- poen matoer soeraosipoen A. S. D. ngoenoes péso kanti manah pasadja, eerlijk, . . . dengan kartoe terboeka!

A. S. D. kakakwa, *sadjakipoen* ingkang dipoenoperasi poenika pri- jantoen ingkang saged basa Walandi. Koela boten ndoengkap dateng karsanipoen. *Amargi* sasomerep koela kantja-kantja koela betah dipoentatangi oet. oegi ambetah- aken operasi, nanging panjoewoen koela soepados tjara sanès" (do- jonging aksara-déning A.S.D.—).

Perloe koela terangaken: ingkang koela operasi poenika boten namoeng ingkang saged tjara Walandi. Lan boten sadaja ingkang saged basa Walandi, katodjèh péso koela. Pa- seksèn: koela atoeri maos „Operasi journalistiek" ingkang *talesih!* „Tembong *sadjak* lan oekara: „Amargi enz. . . ." ingkang mratélakaken sa- bab oet. boektining pandakwa, ane- dahaken *ganggaming* panggalih pan- djengangan kala njerat „sadjakipoen ingkang dipoenoperasi poenika enz. enz." Pangadjeng-adjeng koela gang- gading panggalih pandjenengan sa- gEDA itjal déning wangsoelan poe- nika.

Kadjawipoenika perloe dipoen- kawoeningani: wonten kala mangsa- nipoen toekang koran poenika kedah njoewanten kados swanten ing „Operasi Journalistiek."

Tjekak: saodara Djagabaja nedya ngadjengaken Sw. T., A. S. D. sa- mantan oegi. Kadjawipoen lampah sanès- sanès, A. S. D. ngihtijari adjenging Swara Tama mawi karangan *Operasi Journalistiek*. Kadang Djagabaja boten moepakati „Operasi" waoe. Kénging kémawon sadèrèk boten moepakat. Mangga koela atoeri toemandang ngagem tjara sanès. Tjaranipoen A. S. D. ingkang kan- toen pijambak waoe sampoem dipoen- agem.

Dados Djagabaja lan A. S. D. toenggal toedjoe: ngadjengaken pers Katholik.

Mila . . . habis perkara! Kasih tangan, sobat! A. S. D.

Sinten ingkang dèrèng ngin- toenaken arta lengganan moegi énggal karsaa ngintoenaken.



